

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Unggal budaya miboga ciri has séwang-séwangan, ti mimiti karakteristik atawa watek jalmana, sistem perkawinanana, pakasaban masarakatna nepi ka kahirupan sosialna. Sakabéh lingkup kahirupan éta bisa kagambar tina hasil karya atawa folklor nu aya di jero masarakat. Salasahiji folklor nu bisa ngagambarkeun hiji kahirupan masarakat nya éta babasan jeung paribasa.

Babasan jeung paribasa téh kaasup kana folklor lisan. Salaku bagéan tina folklor, babasan jeung paribasa Sunda téh raket pisan patalina jeung budaya sarta manusa (masarakat). Russel dina Danandjaja (2007, kc. 28) nyebutkeun yén paribasa téh mangrupa “*kebijaksanaan orang banyak yang merupakan kecerdasan seseorang.*” Ku lantaran kitu, teu kudu anéh mun dina babasan jeung paribasa loba ngandung aspék sosial. Ieu aspék sosial nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda bisa ngagambarkeun kahirupan sosial urang Sunda tur ciri has masarakatna.

Pakait jeung kahirupan sosial, aya dua hal nu jadi inti tina aspék sosial, nya éta struktur sosial jeung prosés sosial sakumaha nu ditétlakeun ku Soekanto (2005, kc. 59-60) yén

dewasa ini para sosiolog memperhatikan kedua segi masyarakat itu, yaitu segi statisnya atau struktur masyarakat serta segi dinamis atau fungsinya masyarakat. Terdapat aspek-aspek struktural dan prosesual. Memang tidak dapat disangkal bahwa masyarakat mempunyai bentuk-bentuk strukturalnya seperti, kelompok-kelompok seosial, kebudayaan, lembaga sosial, stratifikasi dan kekuasaan...

Struktur sosial jeung prosés sosial kaasup aspék sosial nu bisa katitén atawa kagambarkeun dina babasan jeung paribasa Sunda. Salian jadi ciri kabeungharan basa Sunda, babasan jeung paribasa tangtu miboga fungsi séjén. Fungsi éta téh di antarana waé salaku sistem proyékasi, salaku alat ngesahkeun pranata-pranata jeung lembaga kabudayaan, salaku alat pendidikan, salaku alat pemaksa jeung pengawas norma-norma masarakat sangkan terus dilarapkeun (Danandjaja, 2007, kc. 27). Di antara fungsi-fungsi nu kasebut, babasan jeung paribasa téh lain saukur

keur ngaluskeun carita atawa omongan hiji jalma, tapi fungsina ngawengku kapentingan masarakat.

Jembarna fungsi babasan jeung paribasa Sunda hususna dina kahirupan masarakat ngirut para panalungtik pikeun ngulik babasan jeung paribasa tina sababaraha puseur panitén. Panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa nu kungsi dilaksanakeun di antarana waé nya éta (1) “Babasan jeung Paribasa (Tilikan Linguistik Antropologis)” (Novianti, 2012); (2) “Aspek Psikolinguistik Sosial dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Ulikan Gambaran Watek Urang Sunda)” (Pertiwi, 2013); (3) “Gaya Basa Metafora dina Babasan jeung Paribasa Basa Sunda (Tilikan Stilistik jeung Semantik)” (Fauziah, 2014); (4) “Babasan jeung Paribasa Sunda nu Ngandung Ngaran Babagian Awak (Tilikan Semantik)” (Firmansyah, 2014).

Éta panalungtikan téh objék garapanna sarua nya éta babasan jeung paribasa. Anapon kitu, masing-masing panalungtikan ngulik tina jihat anu béda. Upamana Novianti ngulik babasan jeung paribasa tina segi linguistik antropologis, Pertiwi ngulik gambaran watek urang Sunda tina aspék psikolinguistik sosial dina babasan jeung paribasa Sunda. Fauziah medar gaya basa métafora dina babasan jeung paribasa basa Sunda dumasar kana tilikan stilistika jeung semantik. Firmansyah medar babasan jeung paribasa Sunda nu ngandung ngaran babagian awak tina segi tilikan semantik.

Panalungtikan nu ayeuna dilaksanakeun aya bédana jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna. Ieu panalungtikan medar babasan jeung paribasa tina segi sosiologi basa nya éta nganalisis aspék sosial dina babasan jeung paribasa Sunda nu udaganana ngadéskripsikeun aspék-aspék sosial nu ngawengku struktur sosial jeung prosés sosial (interaksi sosial). Struktur sosial nu ditalungtikna nya éta kelompok-kelompok sosial nu kagambar dina babasan jeung paribasa Sunda katut idéntitas sosial, étika, jeung stratifikasi sosial.

Jaba ti éta, aya ogé artikel anu medar kalawan husus patalina aspék sosial dina babasan jeung paribasa nya éta “Cerminan Sistem dan Struktur Sosial dalam Ungkapan Tradisional Sunda” (Sudaryat, 2012). Ieu artikel ngadéskripsikeun sistem jeung struktur sosial nu kakandung dina babasan jeung paribasa Sunda nu

ngawengku opat hal nya éta (1) kapribadian urang Sunda, (2) urang Sunda jeung sabudeureunna, (3) tradisi masarakat Sunda, (4) udagan hirup urang Sunda. Méthode nu digunakeunana nya éta méthode déskriptif kalawan téknik studi pustaka. Tina ieu panalungtikan kapanggih yén babasan jeung paribasa diciptakeun luyu jeung kahirupan sosial masarakatna. Masarakat Sunda miharep anggota-anggotana miboga kapribadian nu kapuji, sopan, hémat jeung resep ngajeujeuhkeun duit. Dina ngalakukeun hiji hal kudu jujur, adil, jembar dina mikir, pengkuh dina kahadéan, ati-ati, sayaga jeung bijaksana. Hubungan di masarakat Sunda ngawengku hubungan di lingkungan kulawarga, masarakat, nagara jeung bangsa. Éta hubungan kudu didadasaran ku sikep silihasih, silihasah, silihasuh, nepi ka kacipta kaayaan hirup di masarakat nu akrab, rukun, ayem, tingtrim jeung kakulawargaan.

Sanajan panalungtikan nu ayeuna dilaksanakeun téh sarua jeung artikel nu disusun ku Sudaryat, tapi aya sawatara hal anu béda. Di antara anu ngabédakeunana nya éta tina ambahanana. Dina artikel nu dijéntrékeun di luhur ambahanana leuwih jembar ti mimiti kapribadian individu masarakatna, hubunganana katut tradisi jeung udagan hirup urang Sunda. Dina ieu panalungtikan medar kahirupan urang Sunda nu leuwih husus jeung jero dina palebah hubungan urang Sunda jeung sabudeureunana. Hubungan éta ngawengku prosésna (interaksi) tur struktur nu aya di jerona saperti kelompok masarakat, lapisan (stratifikasi) masarakat, étika hirup jeung idéntitas masarakat. Étika jeung idéntitas masarakat saenyana raket patalina jeung tradisi masarakat Sunda. Jadi, bisa dicindekkeun yén bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilakukeun ku Sudaryat nya éta ieu panalungtikan ngaguar hubungan urang Sunda jeung sabudeureunana tur tradisi masarakatna kalawan leuwih husus.

Tina ulikan aspék-aspék sosial dina babasan jeung paribasa bisa kagambar kumaha kahirupan sosial urang Sunda jeung ciri has masarakatna. Nu maca dipiharep bisa maham jeung ngaréalisasikeun deui hal-hal positif tina kahirupan sosial urang Sunda aya dina babasan jeung paribasa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Aspék Sosial dina Babasan jeung Paribasa Sunda” masih perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Babasan jeung paribasa mangrupa folklor lisan. Jumlahna tangtu loba pisan, ku kituna ieu panalungtikan perlu aya watesan masalah tur rumusanana. Objék dina ieu panalungtikan nya éta babasan jeung paribasa Sunda. Pikeun ngawatesanana panulis nyokot babasan jeung paribasa Sunda dina buku *Kamus Idiom Bahasa Sunda* nu disusun ku Drs. Budi R. Tamsyah, Dra. Purmasih, jeung Dra. Tati Purmawati.

Sakumaha nu geus disebutkeun di luhur yén babasan jeung paribasa mangrupa folklor, ari nu disebut folklor nya éta “*sebagian kebudayaan suatu kolektif, yang tersebar dan diwariskan turun-temurun di antara koleksi macam apa saja, secara tradisional dalam versi yang berbeda, baik dalam bentuk lisan maupun contoh yang disertai dengan gerak isyarat atau alat pembantu pengingat (mnemonic device)*” (Danandjaja, 2007, kc. 2).

Bisa katitén babasan jeung paribasa mangrupa hiji kabudayaan. Dina Koentjaraningrat (2002, kc. 204) aya tujuh unsur kabudayaan nu bisa kapanggih dina sakabéh bangsa di dunya nya éta (1) basa; (2) sistem pengetahuan; (3) organisasi sosial; (4) sistem pakakas hirup jeung teknologi; (5) sistem pakasaban; (6) sistem réligi; (7) kasenian. Di antara tujuh unsur kabudayaan di luhur, unsur basa utamana babasan jeung paribasa jadi puseur dina ieu panalungtikan. Ari ulikanana nyoko kana aspék sosial dina babasan jeung paribasa Sunda anu ngawengku aspék struktural (kelompok sosial, étika sosial, idéntitas sosial jeung stratifikasi sosial) jeung aspék prosésual (interaksi sosial anu ngawengku prosés asosiatif jeung prosés disosiatif). Anapon aspék sosial anu ditalungtik téh dipaluruh tina struktur katut makna babasan jeung paribasa.

Dumasar kana katerangan di luhur, aya sababaraha masalah nu perlu dirumuskeun anu diwincik di handap ieu.

- 1) Kumaha kelompok sosial anu kagambar dina babasan jeung paribasa Sunda?
- 2) Kumaha étika sosial anu kagambar dina babasan jeung paribasa Sunda?
- 3) Naon waé idéntitas sosial anu kagambar dina babasan jeung paribasa Sunda?
- 4) Kumaha stratifikasi sosial anu kagambar dina babasan jeung paribasa Sunda?

5) Naon waé interaksi anu kagambar dina babasan jeung paribasa Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Hiji panalungtikan pasti aya tujuan nu hayang dihontal. Dina ieu panalungtikan dirumuskeun tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kahirupan sosial urang Sunda nu kagambarkeun dina babasan jeung paribasa anu gunana sangkan urang Sunda teu poho ka na jati dirina salaku mahluk sosial nu cicing di tanah Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun aspék-aspék sosial dina babasan jeung paribasa Sunda anu ngawengku:

- 1) kelompok sosial,
- 2) étika sosial,
- 3) idéntitas sosial,
- 4) stratifikasi sosial, jeung
- 5) interaksi sosial.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Lian ti miboga udagan nu hayang dihontal, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat nu dipiharep bisa dicangkem, boh sacara tioritis boh sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta méré pangaweruh ka masarakat sacara umum ngeunaan aspék-aspék sosial nu kakandung dina babasan jeung paribasa Sunda tur gambaran kahirupan sosial urang Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Babasan jeung paribasa miboga fungsi salaku alat pendidikan jeung alat pemaksa jeung pengawas norma-norma masarakat supaya terus dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Tangtuna ku jalan digalina aspék-aspék sosial dina babasan jeung paribasa Sunda dipiharep bisa méré pendidikan moral jeung sosial pikeun masarakat atawa nu maca.

1.5 Raraga Tulisan

Struktur organisasi dina ieu panalungtikan dibagi jadi lima bab. Bab I bubuka, nu eusina kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dipasing jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat praktis sarta raraga tulisan.

Dina Bab II diguar tiori-tiori nu jadi dasar tur ngadeudeulan panalungtikan utamana nalika analisis data ngeunaan aspék-aspék sosial dina babasan jeung paribasa Sunda. Eusi poko dina bab II ieu nya éta nétélakeun babasan jeung paribasa, aspék sosial, gambaran kahirupan sosial urang Sunda jeung patalina aspék sosial dina babasan jeung paribasa Sunda jeung kahirupan sosial urang Sunda.

Métodelogi panalungtikan dijéntrékeun dina Bab III ti mimiti desain panalungtikan, ngumpulkeun data nepi ka analisis data. Satuluyna diguar hasil panalungtikan jeung pedaran dina Bab IV. Hasil panalungtikanana mangrupa aspék-aspék sosial nu kakandung dina babasan jeung paribasa Sunda nu ngawengku aspék struktural jeung prosésual sosial, tuluy digambarkeun kahirupan sosial urang Sunda tur ciri has masarakatna dumasar hasil panalungtikan jeung dideudeulan ku sumber atawa kajian pustaka. Hasil panalungtikan nu geus diguar dina Bab IV dicindekkeun dina Bab V, tur dilengkepan ku saran.